

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho struktur carita (téma, fakta carita, saran carita), jeung ajén atikan karakter (18 ajén atikan karakter nurutkeun Kemendiknas) nu nyangkaruk dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M sarta dilarapkeun jadi bahan pangajaran maca novél di SMA. Data dina ieu panalungtikan téh, nyaéta struktur carita jeung ajén atikan karakter nu sumberna tina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M sarta dilarapkeun kana bahan pangajaran maca novél di SMA. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) tiori struktural Robert Stanton, nu ngawengku téma, Fakta carita, jeung sarana carita; 2) tiori ajén atikan karakter nurutkeun Kemendiknas nu ngawengku 18 atikan karakter; jeung 3) kritéria milih bahan ajar nurutkeun Nasution ngawengku: (1) tujuan nu hayang dihontal; (2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa; (3) dianggap mibanda ajén minangka warisan karuhun saméméhna; (4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan; jeung (5) luyu jeung kabutuhan katut minat siswa. Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta méthode déskriptif kualitatif.

Struktur carita dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M kapaluruh aya téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma dina ieu novél nyaéta kahirupan Néndah jeung Fénni anu kacida bédana. Éta hal katitén tina sababaraha kajadian nu aya dina ieu novél Néndah anu biasa aya dina lingkungan pasantrén jeung lingkungan agama anu matak hadé kabiasaan jeung laku lampahna. Sedengkeun Fénni anu kahirupanna di Jakarta jauh tina agama jeung hirup sakahayangna nu matak Fénni hésé ngarobah kabiasaan goréngna. Éta hal bisa katitén tina sababaraha pasualan nu kapanggih tuluy dianalisis. Saterusna ieu novél ogé miboga galur campuran atawa mobok tengah. Contona waé ti mimiti nyaritakeun Néndah hudang saré tuluy ngahudangkeun Fénni sanggeus kitu, tuluy Néndah solat fajar waktu sanggeus solat fajar Néndah maca surat Al-Balad tuluy

Siti Nurhaliza, 2023

*AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulukan Struktural)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

inget keur ngajina harita di pasantrén “Darul Banaat”. Waktu diwurukan ku Dra. Hj. Mutmainnah ngabéjakeun ngeunaan mangpaat maca surat Al-Balad méméh subuh. Tuluy néndah gé inget kungsi diskusi ngeunaan surat Al-Balad jeung bapana. Sanggeus bérés solat subuh Néndah nganteur Fénnny ka terminal. Tina éta ringkesan katitén lamun galur nu kacaritakeun téh galur mobok tengah jadi nyaritakeun kajadian harita jeung kajadian nu geus kaliwat. Palaku-palaku nu aya dina ieu novél téh nyaéta Néndah, Fénnny, Ajengan Yahya, Abdul Jabar, Abdul Kohar, Kyai Muhlisin, Dra. Hj. Mutmainnah, Mang Marwan, Ojat, Nyai Nunuy, Ki Madsalim, Ajengan Darajat, Papah Fénnny, Sélébritis, Martini, Mamah Fénnny, Vio, Wokér, Juragan Boswésén, Faturrohman, Haji Burhan, Hajjah Saodah, jeung Embu.

Satuluyna dina ieu novél ogé kapanggih ayana latar tempat di antarana: 1) di luar pondok; 2) kamar tamu nu dicicingan Fénnny; 3) imah Ajengan Yahya; 4) kamar Néndah; 5) ruang tamu imah Ajengan Yahya; 6) pakampungan di lingkungan pasantrén; 7) terminal; 8) kamar Fénnny; 9) rumah sakit; 10) toilét; 11) rohangan pésta; 12) imah Mamah Fénnny; 13) rohangan tamu imah Mamah Fénnny; 14) kamar apartemén; 15) dapur; jeung 16) pasantrén (Al-Muhlisin).

Latar waktu dina ieu novél di antarana: 1) janari leutik; 2) subuh; 3) isuk-isuk; 4) haneut poyan; 5) pasosoré; 6) dua jam ti harita; jeung 7) lohor. Satuluyna latar sosial. Tina hasil analisis kapanggih aya dua latar sosial nyaéta jalma basajan jeung jalma beunghar. Jalma basajan nyaéta Néndah katitén tina kahirupan Néndah anu sederhana jeung pakasaban kolotna nu biasa. Sedengkeun jalma beunghar éta Fénnny katitén tina kabiasaan Fénnny anu foya-foya, duit bulanan Fénnny, jeung pakasaban kolot Fénnny.

Judul dina ieu novél téh nyaéta *Dalingding Angin Janari*. Luyu jeung eusi caritana nu nyaritakeun kayakinan Néndah ka Fénnny sangkan bisa barobah najan teu apal iraha kapanggih tina cutatan ditungtung carita lamun dalingding angin ti masjid karék liwat dina panineungan Fénnny. Tacan namper dina lelembutanana. Tapi Néndah yakin isuk jaganing pagéto, sanajan duka iraha. Puseur implengan nu dipaké téh nyaéta jalma katilu, éta hal katitén tina pangarangna nu nyebutkeun ngaran-ngaran palakuna dina unggal carita. Pamungkas, gaya basa nu kapanggih

Siti Nurhaliza, 2023

**AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulukan Struktural)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyaéta mijalma, ngaupamakeun, ngasor, lalandian, jeung rarahuan. Gaya kapangarangan dina ieu novél téh kawilang basajan nyaéta ngagunakeun basa sapopoé.

Novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M euyeub pisan ku ajén atikan karakterna. Éta hal katitén tina sakabéh ajén atikan karakter nu ti Kemendiknas. Ajén atikan karakter nu sering muncul nyaéta réligius. Ieu hal katitén tina paripolah para palakuna jeung latar kaayaan di pasantrén.

Sabada maluruh struktur carita jeung ajén atikan karakterna, novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M téh bisa dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA kelas XI. Ieu novél, salian ti euyeub ku ajén atikan karakterna, eusina ogé luyu jeung kritéria bahan ajar nurutkeun Nasution.

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekkeun yén ieu novél téh miboga struktur carita nu lengkep, ti mimiti téma, fakta carita, jeung sarana sastrana. Saterusna ajén atikan karakter nu nyampak dina paripolah atawa sikap palaku dina ieu novél ogé kawilang lengkep. Ku kituna, ieu novél bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak, nyaéta: *kahiji* pikeun masarakat, ajén atikan karakter nu nyampak téh bisa jadi picontoeun boh pikeun budak, boh kolot. *Kadua*, pikeun widang atikan bisa ngeuyeuban atawa jadi alternatif dina nyieun bahan ajar. Saterusna dina widang paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran paélmuan dina widang sastra, hususna ngeunaan ulikan struktural, ajén atikan karakter, jeung larapna kana bahan pangajaran maca novél.

## 5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, kapaluruh ayana sababaraha rékoméndasi nu perlu ditepikeun pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna, hususna pikeun kamekaran sastra Sunda. *Kahiji*, panalungtikan sarupa nu maluruh ajén atikan karakter perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi, boh

Siti Nurhaliza, 2023

**AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulikan Struktural)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

masarakat umum. Sabab, ieu hal téh bisa ngeuyeuban atawa bisa dijadikeun picontoeun pikeun masarakat dina nyangkin ajén atikan karakter nu bisa dilarapkeun dina kahirupan. Satuluyna, novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M dipiharep bisa dimangpaatkeun pikeun guru sangkan dijadikeun rujukan atawa salah sahiji pilihan dina nangtukeun bahan bacaan nu ngandung ajén-inajén kahirupan nu hadé. Saterusna, pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sastra, hususna nu aya patalina jeung ajén-inajén atikan karakter.